



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVRI POU EGZAMEN POU POUSWIV KARYÈ NAN FÒS LòD YO

*Yo prevwa apeprè 400 pozisyon nan nivo antre nan fòs lòd yo nan DEC, Pak Eta, SUNY, nan tout eta a pandan ane k ap vini an*

*Aplikan yo ka aplike [Anliy](#) pou pase egzamen an jiska 3 out*

*Anons lan vini apre angajman Gouvènè a pou kenbe sekirite piblik la, amelyore divèsite nan ran nan fòs lòd yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke peryòd aplikasyon an ouvri kounye a pou egzamen sèvis sivik nan nivo antre nan fòs lòd Eta New York. Egzamen an, ke yo itilize pou ranpli pòs nan Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik Eta a (Office of State Parks, Recreation, and Historic Preservation), ak State University of New York (SUNY), ap fèt nan sezon otòn nan. Kandida ki kalifye yo ka aplike [anliy](#) jiska 11:59 EST nan dat mèkredi 3 out 2022, pou pase egzamen an.

"Jodi a, n ap bay Nouyòkè yo opòtinite pou rejwenn pwochè jenerasyon sèvitè sivil yo epi fè yon enpak pozitif nan kominote yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzamen sa ap ede ranpli pozisyon ki enpòtan pou pwoteje pak eta, inivèsite, ak lòt enstitisyon nou yo, epi tou, kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nan kad angajman kontini administrasyon mwen an pou kenbe sekirite piblik epi divèsifye ran nou yo, mwen ankouraje Nouyòkè tout antesedan pou konsidere yon karyè ki gen enpòtans epi ki gratifyan nan sèvis piblik epi aplike."

Moun ki enterese pou yo konsidere yo pou pozisyon nan fòs lòd la pou nivo antre nan gouvènman eta a, dwe reponn ak kalifikasyon minimòm yo dabò pou pozisyon oswa pòs li enterese yo epi enskri pou egzamen sèvis sivik yo lè li soumèt tout enfòmasyon yo mande yo anvan 3 out [isit la](#). Y ap bay egzamen an, ki se yon tès chwa miltip, pandan sezon otòn. Tout kandida ki kalifye yo ka pase egzamen nan nivo antre pou fòs lòd Eta New York la ap resevwa yon avi admisyon pa lapòs apeprè de semèn apre dat tès alekri a. Avi admisyon an ap bay kandida a detay sou kilè ak ki kote yo pwograme pou vini, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan. Kandida yo ap resevwa yon

imel rapèl anvan egzamen an, k ap genyen ladan l enfòmasyon sou dènye [egzijans COVID-19](#) pou egzamen sou plas pou sèvis sivil eta a.

Egzamen nan nivo antre fòs lòd la se pou konble pòs sa yo nan chak ajans:

- DEC - Estajye Ofisye Polis Prezèvasyon Anviwònmanal 1 & Gad Forestye 1
- Pak - Estajye Ofisye Polis Pak
- SUNY - Ofisye Polis Inivèsite 1

DCS estime gen 400 pozisyon ke y ap konble nan nivo antre nan fòs lòd la pandan ane k ap vini an.

Egzamen an ap itilize tou pou egzamen lokal yo konble pozisyon nan departman polis minisipal ak biwo cherif yo. Kandida ki enterese pou pase egzamen lokal pou departman polis minisipal ak biwo cherif yo, ta dwe aplike dirèkteman atravè ajans sèvis sivil lokal la. Yon lis egzamen nan nivo antre pou fòs lòd lokal k ap fèt yo disponib [isit la](#).

**Komisè Departman Sèvis Sivil la (Department of Civil Service, DCS) Timothy Hogues, te deklare,** "Departman Sèvis Sivil la kontan pou ofri egzamen nan nivo antre nan fòs lòd la, ki se yon opòtinite ekselan pou nenpòt moun ki enterese pou kòmanse karyè yo nan polis la pou antre nan mendèv Eta New York la. Egzamen sa se pòtay pou yon pakou karyè pasyonan swa pou fè patwouy nan bèl pak Eta New York yo, fè patwouy sou bato sou tout dlo navigab New York yo, oswa pwoteje kanpis inivèsite. Departman an kontan pou travay ak ajans patnè nou yo pou rekrute lajman fòs polis pou lavni nou an epi atire kandida ki divèsifye epi ki gen talan. Travay pou Eta New York pa sèlman ofri chans pou sèvi ak pwoteje gran piblik la, men bay opòtinite tou pou travay ak sèvitè piblik ki devwa, anplis bon benefis sante ak pake konpansasyon yo. Mwen ankouraje tout moun ki enterese pou aplike pou egzamen k ap vini an, jodi a."

**Komisè Departman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Gouvènè Hochul nan yon misyon pou ede Nouyòkè yo jwenn karyè y ap renmen, ki enkli opòtinite nan fòs lòd yo nan DEC, Pak Eta yo, ak SUNY. Egzamen Sèvis Sivil yo ka ouvri pòt pou opòtinite karyè ki enkwayab. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou konsidere eksplòre sa yo oswa nenpòt lòt nan milye karyè nan sistèm Sèvis Sivil Eta New York la."

**Komisè Departman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos, te deklare,** "DEC ap travay pou bay pwomosyon nan ran Ofisye Polis Prezèvasyon Anviwònmanal New York ak Gad Forè yo lè li amelyore sansibilizasyon nan kominote nan tout eta a ak akademi yo, ki enkli de ki ankou yo. Se yon gran opòtinite pou moun tout antesedan pou kòmanse pakou yo pou sèvi nan ban devan pou pwoteje anviwònman ak sekirite piblik New York la. DEC a angaje pou ogamante divèsite, ekite ak enklizyon nan pwosesis rekritman nou an pou asire ke Gad ak Ofisye nou yo reprezante Nouyòkè yo."

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Ofisye Polis Pak Eta New York yo pwoteje trezò natirèl ak istorik eta yo epi ede asire ke plizyè milyon moun gen yon moman agreyab epi an sekirite lè y ap vizite Pak Eta New York yo. Mwen ankouraje nenpòt moun ki enterese nan yon karyè nan fòs lòd ki gratifyan pou pran tan pou aplike epi vin tounen yon Ofisye Polis Pak Eta."

**Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare,** "Inite fòs lòd yo ta dwe reflekte divèsite kominote yo sèvi yo, epi nou menm, nan SUNY, ap ankouraje moun ki soti nan tout antesedan pou aplike pou pozisyon vital sa yo. SUNY fyè pou nonmen premye fanm nan listwa nou pou sèvi kòm komisè polis nou, yon etap revolisyonè pou divèsifye domèn nan pi plis epi leve yon miryad vwa. Nou ankouraje tout moun ki enterese pou pase egzamen sèvis sivil la epi nou pa ka tann pou akeyi pwochen jenerasyon ofisye fòs lòd yo k ap pwoteje epi sèvi etidyan nou yo ak kominote atravè eta a."

Nan mwa me, Gouvènè Hochul [te anonse](#) angajman DEC ak Pak yo nan "30x30 Pledge (Angajman 30x30)" Nasyonal la pou ogmante divèsite depatman yo lè nou ajoute plis fanm nan ran ofisyè polis li yo. Sa vini apre yon [angajman anvan](#) Polis Eta New York la pou ranfòse kantite twoup eta yo ki se fanm. Objektif final Inisyativ 30x30 lan se rive jwenn 30 pousan fanm ki nan klas rekrite lapolis yo anvan 2030, epi asire ajans ki pou fè aplike lalwa yo byen reprezante jiridiksyon ajans lan sèvi. Nou ankouraje fanm, ansyen militè, ak Nouyòkè ki soti nan kominote ki mal reprezante istorikman yo anpil pou aplike pou egzamen an, ki ka mennen nan gwo karyè nan sèvis piblik.

Nan kad lansman egzamen nan nivo antre fòs lòd yo, Eta New York te lanse yon kanpay rezo sosyo, k ap enkli videyo, kontini wèb, ak yon nouvo seminè sou entènèt ki bay enfòmasyon nan DCS la, pou ede atire kandida yo pou aplike pou egzamen an.

Kontni kanpay la ak enfòmasyon siplemantè, ki enkli yon tès oryantasyon pou prepare moun k ap aplike yo pou egzamen an, disponib sou [www.cs.ny.gov/police](http://www.cs.ny.gov/police).

Pou aprann plis sou kijan pou travay pou Eta New York ak kijan pou franch pwochen etap pou fè yon karyè ki gratifyan nan sèvis piblik, tanpri vizite [sitwèb Depatman Sèvis Sivil](#) la epi swiv Depatman an sou [Facebook](#), [Twitter](#), ak [LinkedIn](#).

###